

LÈ W AP ACHTE GAZOLIN, RESEVWA BON KANTITE A

Responsab Pwa ak Mezi nou yo tcheke regilyèman tout ponp gaz yo pou presizyon. Yo tcheke tou tank depo gazolin yo pou asire estasyon yo vann nivo oktàn yo anonse a. Si yo jwenn vyolasyon, yo ka fè vandè a peye amann epi retire pwodwi a.

Kisa ou ka fè:

- Asire w ke ou menm oswa ajan yo itilize ponp ki kòrèk la. Evalyasyon oktàn ak pri pou chak galon oswa pou chak lit dwe make klè sou chak ponp.
- Asire w ke ponp lan fikse sou zewo anvan ou ponpe gaz.
- Tcheke pri a lè w miltipliye kantite galon yo ak pri inite a. Asire w ke sa montre kòm total ki dwe a oswa si w ap ponpe gazolin lan rete ponp lan nan egzakteman 10 galon pou tou senpleman tcheke total la pou gad si l kòrèk. Egzanp: 10 galon x 1.349 pou chak galon = \$13.49.
- Si w gen yon pwoblèm ki pa rezoud ak estasyon gaz la, kontakte Depatman Sèvis Enspeksyon an.
- Anvan w itilize l, asire w ke yo te mete yon so ofisyèl sou tout aparèy pou peze yo. Sa pral konfime ke yo te teste ekipman epi yo jwenn li egzak.

Pou rezidan ak touris vil Boston yo :

Kòm Majistra Boston, mwen byen kontan nou konsidere achte nan boutik lokal, makèt ak estasyon gaz nou yo. Boston gen kèk nan pi bon boutik nan Massachusetts.

Nan lavi chak jou nou, nou jwe bagay ki vann sou pwa yo, tankou vyann, fwi ak legim, gaz, lwil chofaj kay, bwa dife e menm yon woulib taksi.

Pwa ak mezi jwe yon wòl enpòtan nan lavi nou chak jou. Responsab sèlman vil Boston nou yo sou teren an chak jou pou asire ke konsomatè a jwenn sa yo peye pou li a.

Sèvis Enspeksyon an ekri bwochi sa pou ede w, konsomatè, konnen sa pou w fè chak jou. Kit ou achte gaz nan yon estasyon gaz lokal oswa achte nan magazen lokal yo an detay, ou dwe konnen yo ap veye pou ou.

Mwen espere ke nou te ba ou tout sa ou bezwen konnen kòm yon konsomatè epi ke eksperyans achte ou a pral bèl.

Sensèman,
Majistra Michelle Wu

SI OU GEN KESYON OSWA BEZWEN ÈD, TANPRI KONTAKTE SÈVIS ENSPEKSYON VIL BOSTON AN.

boston.gov/isd
isd@boston.gov
617-635-5300

ÒFRI KONSOMATÈ YO SÈVIS BON KALITE



CITY of **BOSTON**
524 6-01



Inspectional Services

LÈ W AP ACHTE, RESEVWA BON PRI A

Eskàn elektwonik la pa enfayib, yo ka fè w yon move pri. Se poutèt sa, ajan Pwa ak Mezi nou yo souvan enspekte magazen yo owaza epi san avètisman pou asire pri yo kòrèk. Akoz enspeksyon sa yo, pou santaj erè pri yo kontinye ap bese, men gen etap ou ka pran kòm yon konsomatè.

Kisa ou ka fè:

- Gade ekran afichaj la pou pri yo. Si w panse yo chaje w twòp, pale. Chèche konnen règleman magazen an sou erè pri epi mande kesye a fè ajisteman an avan ou peye. Malgre kèk magazen tou senpleman ajiste pri a, gen lòt ki retire nan kantite lajan adisyonèl la. Gen lòt ankò ki ofri bagay la gratis.
- Pote yon kopi depliyan magazen an oswa anons jounal la sou kès la.
- Konsidere ekri pri oswa espesyal lavant yo pandan w ap mache nan magazen an. Nan boutik yo, ou ka sèvi ak yon plim oswa kreyon koulè pou note pri pwodwi yo sou pakè yo. Tcheke resi w anvan w ale. Si w remake yon erè, mande kesye a korije total la. Si ou deja kite liy kesye a, konsilte direktè magazen an oswa direktè depatman an pou korije nenpòt erè.
- Si pwoblèm nan pa rezoud, kontakte Sèvis Enspeksyon Boston yo.
- Anvan w itilize, asire w ke yo te mete yon so ofisyèl sou tout aparèy pou peze yo. Sa ap konfime ke ekipman an te teste epi yo jwenn li egzak.

LÈ W AP ACHTE, RESEVWA BON PWA

Peye sèlman pou pwodwi a, pa pou anbalaj la. Lè ou achte vyann oswa fwi ak legim ki pake, ou dwe peye sèlman pou pwa nèt pwodwi a. Si ou achte salad pòmdetè nan kontwa Deli a, ou dwe sèlman peye pou salad la pa pou pwa vesò a.

Nan anpil magazen, balans elektwonik oswa enfòmatik yo itilize sou kès la regle otomatikman pou retire pwa pakè a. Sou lòt balans, ajan vant lan dwe ajiste balans la manyèlman pou retire pwa materyèl anbalaj yo.

Balans yo ta dwe on kote pou w ka wè pwa a. Si w gen dout, mande pou yo peze pake a ankò anvan w achte. Mande si yo retire pwa anbalaj la.

Responsab Pwa ak Mezi nou yo vizite magazen yo regilyèman pou yo enspekte ak peze pwodwi ki déjà pake yo. Yo tcheke tou presizyon balans nou itilize yo.

Kisa ou ka fè:

- Gade echèl la ak kantite lajan ki anrejistre a. Yo ta dwe mete echèl la on kote pou w ka wè pwa, pri ak lòt enfòmasyon ki parèt yo.
- Asire w ke balans la montre yon siy zewo oswa mwens avan yo peze nenpòt bagay. Peye SÈLMAN pou pwodwi a, PA pou anbalaj la.
- Si w gen nenpòt kesyon sou fason yon magazen peze oswa mezire pwodwi, mande direktè a enfòmasyon an premye.
- Si pwoblèm nan pa rezoud, kontakte Sèvis Enspeksyon Boston yo.

LÈ W AP ACHTE LWIL POU CHOFE KAY, RESEVWA BON KANTITE A.

Lwil pou chofe Kay vann pa volim. responsab Pwa ak Mezi nou yo regilyèman enspekte tout mèt lwil gaz yo pou presizyon. Lè yo pote pwodui sa lakay ou, vandè a dwe ba ou yon "tikè livrezon" nan moman livrezon an sof si yo fè lòt aranjman alekri e anvan vant lan.

Kisa ou ka fè:

Tcheke resi livrezon an, li ta dwe genyen enfòmasyon sa yo.

- Nimewo seri.
- Dat livrezon.
- Non ak adrès vandè a ekri byen lizib.
- Non ak adrès achtè a ekri byen lizib. Kantite lwil yo delivre mekanikman enprime sou tikè a.
- Yon nimewo sekans lavant mekanikman enprime.
- Pri pou chak galon.
- Idantite moun ki fè livrezon sa (kapab non chofè a, inisyal oswa nimewo kòd li).
- Si w pa resevwa yon tikè oswa si tikè w resevwa a pa genyen okenn enfòmasyon sa yo, kontakte Sèvis Enspeksyon Boston yo.
- Anvan w itilize, asire w ke yo te mete yon so ofisyèl sou tout aparèy pou peze yo. Sa pral konfime ke ekipman an te teste epi yo jwenn li egzak.